

No. 190

DEKRÈ EGZEKITIF

**ENKÒPORASYON INISYATIV SANTE ATRAVÈ TOUT POLITIK YO NAN AKTIVITE AJANS
LETA YO**

KONSIDERAN, li byen dokimante ke faktè sosyal yo, ki gen ladan kondisyon kote moun yo pran fèt, grandi, travay, viv, jwe epi pran laj, ak pakèt seri fòs ak sistèm ki ap fòme kondisyon lavi chak jou yo, gen yon gwo enpak sou sante ak byennèt tout moun;

KONSIDERAN, politik ki an rapò ak anviwònman an, agrikilti, lojman, transpò, enèji, pak ak divèsisman, ak devlopman ekonomik yo tout enfluyans yon fason konsiderab anviwònman fizik, ekonomik ak sosyal yo; kote prensip kwasans entelijan ak devlopman dirab yo dirèkteman sipòte rezilta sante ki amelyore ak kominote ki apwopriye pou moun tout laj yo;

KONSIDERAN, inisyativ Sante Atravè Tout Politik yo (Health Across All Policies) sistematikman konsidere enplikasyon sou sante yo ke desizyon tout antite gouvènmantral yo te pran konsènan politik piblik; evite enpak ki danjere sou sante yo nan objektif pou ka amelyore sante popilasyon an ak ekite sante; epi enkòpore konsiderasyon sante yo nan politik, pwogram, ak inisyativ yo ki dirije pa ajans ki pa ajans sante yo;

KONSIDERAN, se politik Eta New York pou ke tout antite gouvènmantral yo konseye epi asiste Gouvènè a nan devlope politik ki elabore pou ede reponn a bezwen abitan Eta New York yo epi pou ankouraje sante, sekirite, ak byennèt abitan sa yo;

KONSIDERAN, apati efò antite gouvènmantral Eta a ansanm ak lòt yo ap fè yo, yo te chwazi Eta New York kòm premye Eta ki Apwopriye Pou Laj nan nasyon an pa Asosiyasyon Amerikèn pou Moun Ki An Retrèt yo (American Association of Retired Persons, AARP). Chwa sa a te baze sou Ywit Domèn Vivabilite ki mansyone pa Òganizasyon Sante Mondyal la (World Health Organization, WHO) jan nou pral site la a: 1) Espas ak Batiman Ekstèn yo; 2) Transpò; 3) Lojman; 4) Patisipasyon Sosyal; 5) Respè ak Enklizyon Sosyal; 6) Patisipasyon ak Anplwa Sivik; 7) Kominikasyon ak Enfòmasyon; ak 8) Sèvis Kominotè ak pou Sante yo;

KONSIDERAN, chwa New York kòm premye Eta ki Apwopriye Pou Laj nan nasyon an pral pote atansyon ki ogmante sou inisyativ Sante Atravè Tout Politik yo ak konsiderasyon Eta a fè sou enpak politik Eta yo ak pwosedi sou faktè anviwònmantral, ekonomik, ak sosyal yo pou enfluyans sante ak byennèt tout abitan yo, espesyalman granmoun aje yo; epi

KONSIDERAN, Kalandriye Prevansyon an, plan amelyorasyon sante Eta New York lan pou amelyore rezilta sante yo ak rediksyon inegalite nan sante yo nan ak nan mitan gwoup rasyal, etnik, andikap, ak gwoup sosyoyekonomik ki fèb yo, ansanm ak popilasyon yo ki ap eksperimente inegalite sa yo, te bay yon plan global ki te pèmèt Eta a fè pwogrè konsiderab atravè divès mezi sante ak prevansyon piblik.

KOUNYE A, AN KONSEKANS, MWEN, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York la, konfòmman ak otorite Konstitisyon an ak Lwa Eta New York yo te konfyè mwen, epi pi espesifikman, Atik IV, Seksyon 1 nan Konstitisyon Eta New York lan mwen prezantman òdone epi pase enstwiksyon sa yo:

1. Tankou nou defini nan dokiman sa a, “Antite Eta a Ki Afekte yo” (Affected State Entities) vle di (i) tout ajans ak depatman kote Gouvènè a gen otorite egzekitif, epi (ii) tout kòporasyon ki bay avantaj piblik, otorite piblik yo, komite yo, ak komisyon kote Gouvènè a nonmen Prezidan, Chèf Egzekitif, oswa majorite Manm Komite yo, sof pou Otorite Pòtyè New York ak New Jersey a (Port Authority of New York and New Jersey).

2. Tout Antite Eta a Ki Afekte yo ta dwe enkòpore priyorite Kalandriye Prevansyon Eta New York lan yo ansanm ak Ywit Domèn Vivabilite WHO la, kote ki pratikab epi feزاب, nan plan Eta yo, plan ke yo soumèt bay gouvènman federal la, ansanm ak oryantasyon, politik, pwosedi, ak apwovizyonman ajans lan yo, ak oryantasyon ki soti nan Komite Espesyal Sante Atravè Tout Politik yo (Health Across All Policies Ad Hoc Committee) nan objektif pou ka kontinye ak objektif inisyativ Sante Atravè Tout Politik yo ke yo te deklare nan Diskou Eta Leta 2017 lan.

3. Tout Antite Eta a Ki Afekte yo ta dwe konsidere kijan li pi bon pou yo enkòpore priyorite Kalandriye Prevansyon Eta New York lan ansanm ak Ywit Domèn Vivabilite Òganizasyon Sante Mondyal la lè yo ap prepare solisitasyon kontra yo, sibvansyon yo, lè yo ap soumèt plan yo bay yon Ajans oswa Antite Federal, oswa lè yo ap devlope Plan Eta a yo sou kondisyon ki aplikab ak kritè administratif yo, kote ki pratikab epi feزاب. Pou pi bon apwovizyonman valè ki apwopriye yo kote pri yo pa yon faktè detèminan, yon Antite Eta a Ki Afekte ta dwe konsidere estriktire apwovizyonman an pou pèmèt yo bay pwen teknik adisyonèl pou pwopozisyon yo ki abòde kesyon priyorite Kalandriye Prevansyon Eta a yo ak Ywit Domèn Vivabilite Òganizasyon Sante Mondyal la baze sou seri kritè evalyasyon yo.

4. Pou ka akonpli objektif sa a:

A. Nan dat 1 Janvyè 2019, Antite Eta a Ki Afekte yo ta dwe, kote ki pratikab epi feزاب, enkli nan solisitasyon pou pi bon apwovizyonman ak sibvansyon valè yo kote pri yo pa yon faktè detèminan, yon pwovizyon ki egzije antrepriz ki ap bay kontra yo dekri jan ke pwopozisyon yo an ka amelyore sante ak byennèt kominote a nan egzekisyon kontra yo, akò ak/oswa apwovizyonman, tankou, pwomosyon kreyasyon travay ki apwopriye pou laj yo ak estabilite ekonomik, mobilite transpò, ak kapasite pou byen itilize envestisman yo ki ka gen avantaj konplèmantè yo nan plis pase yon zòn;

B. Chak Antite Eta a Ki Afekte ta dwe akonpli objektif sa a lè yo ap enkòpore, kote ki pratikab epi feزاب, konsiderasyon nou pral site la yo nan devlopman politik yo, oryantasyon, règleman yo, ak tout pwojè lwa yo pwopoze yo:

- i. Opòtinite pou aliyman ki amelyore ak kowòdinasyon Kalandriye Prevansyon Eta New York lan ak pwogram ak politik ki an rapò ak sa ki apwopriye pou tout laj yo nan tout Antite Leta yo ak nan mitan patnè piblik ak prive yo;
- ii. Enpak sou kapasite moun yo genyen pou kontinye viv nan kominote yo nan yon fason ki konsistan ak kapasite ak valè yo;
- iii. Opòtinite pou angajman sivik yo ak jan pou elaji yo;
- iv. Ranfòsman enfrastruktir pou sèvis adomisil ak sa ki baze nan kominote yo;
- v. Apwòch ki ap mennen nan yon fiti kote chak moun New York ka jwi de byennèt, lonjevite, ak bon jan kalite lavi nan kominote ki djanm epi an sante yo;
- vi. Fòs espesyal ke chak kominote genyen nan teknoloji, inovasyon, rechèch, swen sante, ak biznis, ak jan yo ka byen itilize fòs sa yo pou ka sipòte vyeyisman an sante ak travay moun ki ap pran swen moun nan fanmi yo;
- vii. Enklizyon kominote ki an sante epi ki apwopriye pou moun tout laj yo nan pwogram ki sipòte konsepsyon, planifikasyon, chwa zòn ak devlopman kominotè;
- viii. Pwomosyon sipò pou moun ki ap pran swen moun yo;
- ix. Pwovizyon bon jan kalite sèvis ki pa chè pou abitan New York yo, espesyalman granmoun aje yo, granmoun ki gen andikap yo, moun ki ap pran swen moun yo; epi
- x. Aksesibilite ki ogmante pou konsomatè yo pou sèvis sante ak sipò yo.

- C. Nan yon delè 30 jou apre dat Òdonans sa a, chak Antite Eta a Ki Afekte yo ta dwe chwazi yon Kowòdonatè Sante Atravè Tout Politik yo, ki ta dwe:
- i. Vin yon lyezon ak Komite Espesyal Sante Atravè Tout Politik yo; epi
 - ii. Vin responsab pou konfòmite Antite Eta a Ki Afekte sa a ak Òdonans sa a.
- D. Yo ankouraje tout lòt antite gouvènmantal yo ki nan Eta New York pou yo fè konsiderasyon similè nan bay kontra yo, akò yo, ak apwovizyonman yo.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, nan katòzyèm jou mwa

Novanm nan ane de mil dizwit.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a